

# **KONSÈY DIRIJAN PARAN ESOL YO**

## **Rekòmandasyon pou yon Konsèy Dirijan Paran nan Lekòl la**

### **Objektif Konsèl Dirijan Paran nan Lekòl la**

- Objektif Konsèl Dirijan Paran nan Lekòl la se pou ankouraje patisipasyon paran epi patisipasyon yo nan aplikasyon plan LEP la ak nan demach siksè akademik k'ap antreprann yo. PLC a pral ede enfòmè paran ki gen pitit yo nan pwogram LEP yo sou opòtinite yo genyen pou patisipe nan edikasyon pitit yo e pou yo reprezante nan konsèy komite lekòl la ak distri a. Anplis, paran yo pral patisipe nan revizyon k'ap fèt nan Plan LEP Distri a e nan kontwòl aplikasyon plan sa a.

### **Ki lekòl kid we gen yon PLC?**

- Nenpòt lekòl ki gen yon ti kantite elèv kin nan LEP dwe konsidere posiblite pou yo genyen yon Konsèy Dirijan Paran ESOL nan lekòl la.
- Nenpòt lekòl ki gen 30 ou plis elèv nan pwogram LEP la dwe genyen yon Konsèy Dirijan Paran ESOL nan lekòl la.
- Yon komite ki la deja, tankou Komite Konsèy Lekòl la, Komite Tit I, etc., kapab sèvi kòm PLC lekòl la si l gen yon majorite paran ki gen pitit yo nan pwogram LEP la. Keksyon ki gade edikasyon elèv LEP yo dwe fè pati chak ajennda.

### **Kilès ki gen dwa patisipe nan PLC?**

- Se paran elèv pwogram LEP yo ki dwe fòmè omwen 51% manm PLC yo.
- Asistan pwofesè ak pwofesè ESOL yo, epi yon reprezantan biwo Konseye a ak yon reprezantan Administrasyon an dwe fè pati manm PLC a.
- Yo ankouraje manm kominote a ak elèv yo pou yo patisipe nan PLC a.
- Omwen yon reprezantan ekip lekòl la nan PLC a dwe pale lang prensipal majorite popilasyon ki nan pwogram LEP lekòl la.

### **Fòmasyon Gouvènans lan**

- Chak PLC pral eli yon prezidan ak yon prezidan annapre, chak moun sa yo dwe yon paran ki gen timoun li nan pwogram LEP la.
- Chak PLC pral eli oswa angaje yon Segretè k'ap genyen yon lis non manm yo, adrès ak nimewo telefòn yo, sa ki di nan reyinyon yo epi nòt yo voye bay paran LEP yo nan langay yo pale lakay yo, sof si gen pwoblèm ki montre sa pa posib.
- Chak PLC pral eli oswa angaje yon reprezantan nan Konsèy Komite Paran an e nan Asosyasyon Paran/Pwofesè nan lekòl la.
- Chak PLC pral eli oswa angaje yon reprezantan nan Konsèy Komite Paran ESOL nan Distri a. \*
- Eleksyon reprezantan ofisyèl yo pral fèt nan premye reyinyon ane lekòl la.

## **Reyinyon**

- Yo dwe mete sou pye Konsèl Dirijan Paran nan Lekòl la nan koumansman lekòl la, e li dwe fè omwen kat (4) reyinyon diran ane lekòl la.
- Yo dwe konsève enfòmasyon reyinyon sa yo, tankou envitasyon, fèy piblisite, fèy prezans, ajennda ak rezilta reyinyon yo nan lekòl la, epi voye kopi bay Biwo ESOL nan Distri a.

## **Sijè ki Rekòmande / Aktivite pou Reyinyon PLC yo**

- Rezime sèvis pwogram ESOL e Dekrè Konsantman nan Florid
- Fòmasyon pou dirijan e rekritman paran volontè LEP pou travay nan lekòl la
- Modèl pwogram aprantisaj dezyèm lang
- Pwogram distri a / Kritè Eta Solèy Florid la
- Konprann Sistèm Lekòl la / pwogram ki disponib / referans
- FCAT e reyisit / refè klas la
- Kolèj e preparasyon pou metye
- Adaptasyon kiltirèl
- Konsèy pou elve timoun
- Konsèy pou w ede pitit ou resisi nan lekòl la
- Planifye prim pou pwogram LEP / motivasyon pou elèv LEP yo
- Òganize sipò akademik apre klas / pwogram bay lesou pou elèv ESOL yo
- Òganize kou lang Angle pou paran yo

## **Prezantatè Posib yo**

- Reprèzantan pwogram Tit I
- Avoka imigrasyon
- Depatman lasante
- Reprèzantan travayè nan Jaden
- Reprèzantan Lekòl pou Moun Majè
- Konsil Meksik
- Reprèzantan kolèj ak sant teknik

\* Komite Konsèy Paran ESOL nan Distri nan Depatman polk la ap gen reprèzantan k'ap soti nan chak Konsèy Paran Dirijan nan lekòl la, yon manm k'ap soti nan Biwo ESOL Distri a ak lòt administratè, ap gen konseye, pwofesè, asistan pwofesè epi manm kominote a. Majorite manm Komite Konsèy Paran ESOL Distri a dwe se paran elèv.

Konsèy Paran Dirijan nan Distri a ap reyini omwen 2 fwa nan ane lekòl la. Objektif li se pou ankouraje patisipasyon paran atavè:

- Fòmasyon dirijan,
- Oryantasyon nan sèvis Pwogram ESOL yo e nan kontwòl demach yo,
- Ankouraje opòtinite pou patisipe nan konsèy komite lekòl ak komite distri ki deja la yo, e
- Ankouraje paran pou yo patisipe nan revizyon ak aplikasyon Plan LEP Distri a.